

Delaware Surgery Center

Avi ki Kont Diskriminasyon ak Egzijans pou gen Aksè yo

Delaware Surgery Center ("DSC") respekte lwa sou dwa sivil federal ki aplikab yo epi pa fè diskriminasyon sou baz ras, koulè, kote w soti, laj, andikap oswa sèks. DSC pa fè eksklizyon okenn moun oswa trete yo diferan akòz ras, koulè, kote yo soti, laj, andikap oswa sèks.

DSC bay èd ak sèvis gratis pou moun ki gen andikap pou kominike byen avèk nou, tankou:

- Entèprèt lang siy ki kalifye
- Enfòmasyon ki ekri nan lòt fòm tankou (an gwo lèt detache, odyo, fòm elektwonik ki aksesib)

DSC bay sèvis lang gratis pou moun kote premye lang yo se pa angle, sèvis tankou

- Entèprèt ki kalifye
- Enfòmasyon ki ekri nan lòt lang

Si ou bezwen sèvis sa yo, tanpri kontakte:

- Direktè/Responsab Sant lan
- Nenpòt manm pèsònèl la
- Adrès Postal: 200 Banning Street, Suite 110, Dover, DE 19904
- Telefòn: 302-346-4000 oswa Faks 302-741-2279
- Imèl: info@desurgery.com

Si ou kwè ke nou te echwe nan bay sèvis sa yo oswa te fè diskriminasyon nan yon lòt jan sou baz ras, koulè, kote w soti, laj, andikap oswa sèks, ou ka depoze plent bay direktè sant lan. Ou ka depoze plent sa ou menm an pèsòn oswa voye li pa lapòs oswa pa faks. Si ou bezwen èd pou depoze plent la bay Direktè a oswa yon lòt responsab ki disponib pou ede w.

Facility Director (Direktè Sant lan)
Delaware Surgery Center
200 Banning Street, Suite 110
Dover, Delaware 19904
Telefòn (302) 346-4000
Faks. (302) 741-2279

Ou kapab depoze yon plent sou dwa sivil bay U.S. Department of Health and Human Services, Office of Civil Rights, sou fòm elektwonik atravè pòtay pou plent Office of Civil Rights la, ki disponib sou <https://ocrportal.hhs.gov/ocr/portal/lobby.jsf>, oswa pa imèl oswa telefòn sou:

U.S. Department of Health and Human Services
200 Independence Avenue, SW
Room 509F, HHH Building
Washington, DE 20201
1-800-368-109, 800-537-7697 (TDD)

Fòm pou plent yo disponib sou <http://www.hhs.gov/ocr/office/file/index.htm>